

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra mangrupa gambaran tina kanyataan sosial. Kanyataan sosial nya éta gambaran kahirupan masarakat anu diangkat ku pangarang dina wangun karya sastra. Karya sastra anu aya patalina jeung masarakat nya éta nalungtik sastra salaku dokumén sosial jeung salaku potrét kanyataan sosial. Dina karya sastra aya ajén sosial budaya, diantaranya: ajén kamanusaan, jeung ajén atikan. Ku kituna, karya sastra dimangpaatkeun pikeun jadi salasahiji média anu ngawangun kasadaran masarakat dina ngalakonan kahirupan.

Numutkeun pamadegan Rusyana (1992, kc. 7-8), sastra téh kagiatan kréatip, kagiatan nyipta, jeung kagiatan seni. Salian ti éta Pradopo dina Isnendes (2010, kc. 5), sastra téh mibanda sipat imajinatif, basana konotatif, sarta unsur éstétikna dominan.

Sastra Sunda, dumasar kana waktu gelarna dibagi dua, nya éta: sastra Sunda buhun (klasik) jeung sastra Sunda modérn (Koswara, 2011, kc. 2). Génré sastra Sunda buhun di antarana carita pantun, wawacan, sisindiran, jeung kakawihan. Génré sastra modérn di antarana sajak, carita pondok, novel, jeung naskah drama. Nilik kana wangunna, karya sastra dibagi kana tilu wangun nya éta puisi, prosa, jeung drama.

Tina sababaraha hiji warna sastra, salasahijina nya éta novel . Kecap novel asalna tina basa Latén. Asal kecapna nya éta *novus* nu hartina anyar, robah jadi *novellus*, tuluy robah deui jadi novel. Nurutkeun Tarigan (1986, kc. 165), legana ukuran novel bisa ditilik tina jumlah kecapna. Hiji novel biasana jumlah kecapna paling saeutik 35.000 kecap, atawa 100 kaca, atawa kurang leuwih dua jameun upama dibaca.

Novel mibanda unsur-unsur anu tangtu nya éta unsur intrinsik jeung unsur èkstrinsik. Unsur instrinsik novel ngawengku tèma, plot, *sèttling*, tokoh jeung

penokohan, latar, amanat, jeung gaya basa. Sedengkeun unsur èkstrinsik ngawengku sagala macem unsur anu aya di luar karya sastra anu sacara teu langsung mangaruhan kana karya éta sorangan.

Eusi novel mangrupa gambaran kahirupan sapopoé anu diwujudkeun ku hubungan tokoh jeung masarakat katut paripolahna. Tokoh nya éta ngaran-ngaran jalma anu ngaragakeun carita. Iskandarwassid (2003, kc. 25), nétélakeun tokoh nya éta ngaran-ngaran (jalma) anu ngalalakon dina carita (dongéng, carita pondok, novel, wawacan) atawa drama. Tiap tokoh miboga karakter séwang-séwangan pikeun ngawangun hiji carita.

Karakter tokoh atawa penokohan mangrupa salasahiji unsur penting dina hiji karya sastra hususna novel. Karakter tokoh mangrupa salasahiji unsur instrinsik anu teu bisa dileungitkeun, sabab ku ayana unsur penokohan urang bisa mikawanoh watek atawa karakter tokoh anu aya dina hiji carita. Penokohan nyoko kana sipat jeung sikep tokohna, leuwih nyoko kana kualitas pribadi hiji tokoh. Penokohan miboga peran anu gedè dina nangtukeun gembelngna hiji karya fiksi.

Nurgiyantoro (2002, kc. 166), nyebutkeun yèn istilah penokohan leuwih lega wangenanna tibatan tokoh jeung watekna sabab penokohan ngawengku masalah saha tokoh caritana, kumaha watekna, jeung kumaha gambaran dina hiji carita ka nu maca. Penokohan ogè nyoko kana tèhnik perwujudan jeung ngamekarkeun tokoh dina hiji carita.

Tina penokohan anu maca bisa mikawanoh kumaha pangarang ngagambarkeun sipat, watek, kapribadian, jeung paripolah tur sagala hal anu patalina jeung jati diri tokoh anu aya dina hiji carita.

Tokoh-tokoh dina novel mangrupa hasil kaayaan kajiwaan jeung pamikiran pangarangna. Psikologi sastra dianalisis anu pakait jeung *psike*, jeung aspèk-aspèk kajiwaan pangarang. Psikologi sastra katinggalna mung saukur patali jeung manusa salaku individu, kurang méré peranan kana subjèk transindividual, ngabaluarkeun tèhnik analisisna dianggap heureut. Tiori-tiori psikologi sastra kawatesanan, teu rèa anu boga pamahaman kana aspèk psikologi sastra. Nepi ka kiwari ulikan ngeunaan psikologi sastra kana novel-

novel anu medal dina taun anu sarua kawilang kurang padahal ulikan saperti kieu kawilang penting pisan pikeun kahirupan sastra katut pangarangna. Ku ayana ieu panalungtikan urang bisa mikanyaho karakter struktur carita jeung tokoh-tokoh anu muncul dina novel taun-2013.

Tina déskripsi di luhur panalungtik miboga kahayang pikeun nalungtik ngeunaan sastra ngaliwatan kajian psikologi sastra anu dipiharep bisa méré kontribusi dina nyangkem ajén nu luhung jeung ngeuyeuban référénsi dina panalungtikan karya sastra dina wangun novel.

Memang panalungtikan anu patali jeung novel geus réa dilaksanakeun, diantaranya waé: (1) Representasi Kemiskinan dalam Novel *Jatisaba* Karya Ramayda Akmal: Kajian Sosiologi Sastra (Pratiwi Sulistiana, 2013), panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadèskripsikeun kaayaan sosial hiji masarakat. Objèk panalungtikanna nya èta novel *Jatisaba* karya Ramadya; (2) Ajén Moral Jeung Psikologi Perkembangan Rumaja Dina Novelét Jamparing Karya Chye Retty Isnendes Pikeun Bahan Pangajaran Nyarita Di SMP Kelas IX (Indah Purnama Cahyani, 2013), tujuan dina ieu panalungtikan nya èta ngadèskripsikeun: 1) unsur instrinsik jeung ekstrinsik; 2) ajèn moral; 3) psikologi perkembangan rumaja; 4) alternatif bahan ajar nyarita pikeun SMP; (3) Kajian Semiotik Novel Perempuan Berkalung Sorban Karya Abidah EL Khalieqy (Irfan Malik Amrullah, 2013), ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho pengkajian sèmiotik dina novel Perempuan Berkalung Sorban; (4) Transformasi Novel Pintu Terlarang Karya Sekar Ayu Asmara ke dalam Film (Resliani Malida, 2013), ieu panalungtikan ngagunakeun tiori A Teeuw ngeunaan struktur salaku landasan tiori jeung difokuskeun kana parobahan struktur carita, diantaranya: tema, tokoh, jeung latar tina novel ka film pikeun mikanyaho hubungan intertekstual; (5) Novel Patepung di Bandung karangan Taufik Faturrohman; Tilikan Psikologi Sastra (Suci Sarifah Muda'im, 2013), ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadèskripsikeun eusi novel ngagunakeun kajian psikologi sastra. Rumusan masalahna ngawengku: 1) analisis unsur-unsur prosa; 2) analisis konsep emosi tokoh-tokoh; 3) interpretasi gejala psikoanalisis Sigmund Freud kana tokoh jeung

penokohan kana novel Patepung di Bandung karya Taufik Faturrohman; (6) Kajian Psikoanalisis kana Novel Sabalakana karya Dadan Sutisna (Erin Irtanti, 2014), ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun: 1) nganalisis struktural carita ngaliwatan tiori Robert Stanton anu diwengku ku tème, fakta carita (galur, latar, tokoh, jeung penokohan), jeung sarana sastra; 2) ngadèskripsikeun tokoh jeung penokohan ngaliwatan pamarekan psikoanalisis dina novel Sabalakana karya Dadan Sutisna.

Sedengkeun tina ieu panalungtikan ngadadarkeun ngeunaan ulikan struktural jeung psikologi sastra tina novel-novel Sunda anu medal taun-2013. Samèmèhna geus rèa anu nalungtik makè pamarekan psikologi sastra anu dilarapkeun kana novel. Tapi tina ieu panalungtikan bèda jeung panalungtikan nu sèjèna, nya èta nalungtik sakabèh novel anu medal dina taun-2013. Sabada ayana ieu panalungtikan bisa kapaluruh sisi psikologi tokoh-tokoh anu medal dina kurun waktu sataun. Salian ti objèk panalungtikanna, ieu panalungtikan ogè onjoy dina tiorina, nya èta can aya anu makè ulikan psikologi kapribadian anu makè tiori Heymas.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan baris dijudulan, “Novel-Novel Sunda Anu Medal Taun-2013 (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)”.

1.2 Rumusan Masalah

Novel miboga rupa-rupa aspèk anu bisa ditalungtik unsur kajiwaanna boh sacara instrinsik boh sacara ékstrinsik, salaku eunteung atawa titiron kahirupan (mimètik). Novel ogé teu leupas tina pasualan pangaweruh jeung kontéks kahirupan. Pikeun kaperluan panalungtik, ulikan kana novel téh diwatesanan, kana karakteristik tokoh dina novel-novel Sunda anu medal taun-2013 dumasar aspèk-aspèk psikologis. Ari aspèk psikologis anu dipakè tèh dumasar kana tiori Heymas anu ngawengku:

- a. Emosionalitas, hartina dina kahirupanna jalma dipangaruhan ku rasa.
- b. Aktivitas, nya èta ngungkapkeun eusi jiwa ku kalakuan.

- c. Fungsi sekundèr, nya èta kuat atawa henteuna nyimpen pangalaman dina jiwana. Lawan fungsi sekundèr nya èta fungsi primer, hartina nalika salasaurang inget kana pangalamanna dina waktu singkat.

Dumasar kana watesan masalah dina ieu panalungtikan, baris dirumuskeun masalahna dina wangun kalimah tanya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha struktur carita dina novel-novel Sunda anu medal taun-2013 anu ngawengku, tema, fakta carita (tokoh, setting, alur) jeung sarana sastra?
- b. Aspèk psikologis (emosionalitas, aktivitas, jeung fungsi sekunder) jeung tipe psikologis (nerves, choleric, gapasioner, sentimentil, amorph, flegmatis, sanguinis, jeung apatis) naon waé anu nyangkaruk dina novel-novel Sunda anu medal taun-2013?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadèskripsikeun struktur carita nu ngawengku; tèma, fakta carita (tokoh, setting, alur) jeung sarana sastra dina novel-novel Sunda anu medal taun-2013 jeung ngaidèntifikasi aspèk-aspèk psikologis (emosionalitas, aktivitas, jeung fungsi sekunder) jeung tipe psikologis (nerves, choleric, gapasioner, sentimentil, amorph, flegmatis, sanguinis, jeung apatis) anu nyampak dina novel-novel Sunda anu medal taun-2013.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan, nya èta:

- a. pikeun pamaréntah dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun milih bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola;
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi tur ngeuyeuban bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola;
- c. pikeun siswa, bisa dijadikeun sumber diajar tur méré pamarekan nu leuwih ngeunaan pangajaran novel;
- d. pikeun panalungtik, méré gambaran ngeunaan ulikan struktural-psikologi sastra.

1.5 Struktur Organisasi Tésis

Struktur organisasi ieu panalungtikan diébréhkeun dina wangun saperti di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung struktur organisasi tésis.

Bab II Dasar Tioritis, medar perkara tiori novel, tiori psikologi, kalungguhan tioritis anu diwengku ku; tiori nu dipakè, jeung raraga mikir.

Bab III medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumen panalungtikana, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data

Bab IV medar perkara data anu ngawengku hasil panalungtikan, pedaran panalungtikan, ringkesan hasil jeung komèntar panalungtik

Bab V bab pamungkas dina ieu panalungtikan. Panalungtik miboga tarékah pikeun nyindekeun hasil tina panalungtikanna, anu satuluyna aya saran salaku média pikeun ngaronjatkeun sastra Sunda hususna novel.